Jàpandinanu

Télefon

+49 (0)40 8901 215

Alt. 5 p.m.— 7 p.m.
Tal. 10 a.m.— 12 bëccëg
Alar. 1 p.m.— 3 p.m.
Aju. 10 a.m.— 12 bëccëg

Su fekkee jumtukaay répondeur b moo la wuyu, bàyyil rekk sa nimero dinanu la woowaat ci ni mu gëna gaawee

Imeel

info@zuendfunke-hh.de

Xelal jaare ko ci linternet

Ndaxte imeel nekkul ab yoonu waxtan bu am kaaraange, danuy tamit joxe ay xelal jaaree ko ci réso xelal bu DGfPI, bi nu tëgg rekk ngir barab yi màcc jëm ci xelal kepp.

Adares

Zündfunke e.V.
Hospitalstrasse 111
22767 Hamburg

zuendfunke-hh.de

Fàggu

Fàggu bokk na ci anam yi ngir xeex fitna bu lalu ci wàllu awra. Doleel xale yi ngir nu moom seen bopp ci lu aju ci seen soxlo ak seen yaram, boole ci di leen tàggat ci seeni àq ak yelleef, nekk ab pàcc bu am dayo ci lii. Waaye, fàggu tekkiwul ni xale yi ñoo wara yannu ñoom rekk wareef ci wàllu aar seen bopp, doonte,; loolu wareefu askan wi la, te mag ñi ñooy nekk saa su ne ñi yor kilifteef.

Danuy joxe ab gaamu pose fàggu ngir xale yu nekk ci crèche ak ékole primeer.

Danuy amal ay ngonal ak ay waajur ci ay théme yu amul benn werante, ci lañuy joxe leeral yu am solo ci fitna ci wàllu awra, ba noppi nu waxtaane pexe yi ngir fàggu ak jëf.

Tàggat

Danuy tàggat liggéeykat yi ci wàll liggéey yu bari, lu ci melni psychosocial, pédagogique, terapi wala lu mel noonu. Taggat-yaram bii dafay wax ci mbir yu melni luñuy tekki ak bariwaayu fitna ci wàllu awra ci xale ak ndaw, màgg gi ci wàllu awra ci xale yi, pexe yi defkatu ñaawtéef yi, risk ak mbir yuy musal xale yiñ laal, anam yi ñu mëna moytu ak jàppale, ak tànneefi ndimbal ak taxawaay.

Terapi mbooloo ngir jigéen ñi

Sunu kuréel terapi thématique dañ ko jagleel jigéen ñi dund fitna ci wàllu awra ci seen xale wala ndaw. Mbooloo bi dafay joxe barab[1] boo xam ne ñooñee te mu dal leen mën nañu xalaat ci li ñu dundu, fësal seen yëg-yëg, waxtaan ak yeneen jigéen ñu dundu lu mel noonu. Jubluwaay bi mooy ñaax dal gi, root ci njëriñoo yi ak yombal jaar-jaar yu bees yi ci wetu yeneen jigéen ñi.

[1] Mbooloo terapi bi fi mu toll nii joxewul barab bu leer ngir xamle ci jaar-jaar yu aju ci bañ jigéeen góor.

zündfunke

Ay barab yu màccoo dox ak wax ci lu aju ci fitna jëmale ko ci xale wala ndaw

Lu taxa jóg Zündfunke e.V. mooy fàggu, tass ak daaneel fitna aju ci awra jëme ko ci xale ak ndaw

Zündfunke ab barabu xelal ngir ñi am jaar-jaar fitna aju ci awra bañu nekkee xale wala ndaw. Fii danuy jàppale xale yi ak ndaw ñi, waajur yi ak ñeneen ñi leen di toppatoo, ak itam liggéeykat yu melni jàngalekat yi.

Danuy xelal ak dimbali ngir:

- Xale,ndaw ak tuut tank mag (yu am ci diggante ñent ak 27 at)
- Fajkat
- Liggéeykat

Danuy joxe tamit:

- Fàggu ay tërëlin
- Soril njàng
- Terapi mbooloo bu aju ci theme

Xelal xale yi, ndaw ñi ak mag ñi dundu wala ñuy dundu fitna ci wàllu awra

Gëm nanu la. Te loolu dafay tekki itam ni jarul nga nu wax li xewoon yepp. Waaye soo ko bëggee mën nga ko def.

Xam nanu ni lu bari ci ñi ko dund dañuy jànkoonte ak ñàkk gëm sa bopp wala yëg-yëg yu doy waar.

Wax ci mën na la jàppale.

Xelal bi ñuy joxe bokk si ci yëw la aju.

Li nga soxla ak li nga bëgg ci lanu lay xelal.

Danuy liggéey ngir ak ñu ko dund, di leen jàppale ci sunu liggéey.

Xelal gi dafay nëbbu — loolu dafay tekki ni dunu wax kenn ni danga ñëw ci nun wala li nu waxtaan ci te doo ko xam.

Soo ko bëggee, mën nga nëbbëtu te jarul nga joxe sa tur.

Ndax mag nga 27 at? Danuy njëkka joxe tegtal ak ndimbal lu am benn wala ñetti sesion yu ñuy xelal nit ñi, ci jamono jooju danuy jàppale nit ñi ñu am tànneef yu gën.

Xale yi ak ndaw ñi mënuñoo aar seen bopp. Dañu soxla mag ñu xam ni defkatu ñaawtéef yi di doxee, xam siñaal yi xale yi ak ndaw ñi di yónnee, ba noppi xam xeetu ndimbal yiñ mëna am.

Xelal ngir aji toppatoo yiy liggéeyal seen bopp

Nga njortë wala nga xam ne ab xale wala ndaw bu la joge dund na fitna mën na nekk yan bu diis ci yaw.

Dina nu la jàppale ci jàngat mbir mi, ba noppi nga defar ab tërëlinu jëf ngir aar xale bi. Wutal sa bopp dimbali la, jéego bu am solo la ngir mëna wéyal di toppatoo xale bi feebar bi laal.

Xelal gi kenn du fay, te kenn duko xam su ko soxlaa.

Xelal ngir liggéeykat yi.

Sunu waree jànkoonte ak fitna ci wàllu awra ci xale yi ak ndaw ñi, te loolu mën na tax boroom xam-xam yi ci wàllu psykososiyal ñu dem fuñu mëna dem wala ñu ëpp doole. Réso bu wóor ak tegtal ci ni ñu wara doxalee lu am solo la ci xale yi ak ndaw ñi dund fitna boobee.

Danuy joxe xelal ak ndimbal ak lu mëna nekk ci sa xol, nga am yëg-yëg ci sa biir, nga njëkka am lu lay nëbb wala nga xam bu baax ni fitna ci wàllu awra mingi am.

Lan mooy fitna bu aju ci wàllu awra?

Fitna bu aju ci wàllu awra dafa bari melo. Ci misaal mën na nekk nataal buñu laajwul, wax juy sonal wala juy yëngal nit, xool, laxasu, wala mën na nekk itam ñu digal la nga seetaan jëf yu awra, wala ñu lay sonal ngir nga def ko. Fitna ci wàllu awra dafay am sudee bañ sekk wala mënu ñu nangul la sekk. Yenn saa yi, doonte nangu nga, mbir yi dañu jaar yoon; yenn saa yi yëg-yëg googu du am ludul ginaaw ci wala ginaaw ab diir. Loolu itam mooy fitna ci wàllu awra. Fitna ci wàllu awra warul nekk fitna ci yaram; mën na am itam ci wax wala xool, mën na am ci nef bi, te mën na ànd ak yeneen xeeti fitna — lu ci melni jaay xel, nangu xaalis wala jaay doole. Su demee noonu, am na saa su nekk ab jaay doole ak sàkku ci jëflante gu weruwaay waral. Responsabilite bi mingi ci ñi ko def. Lu ci gëna bari mooy ki def ñaawtéef bi xam nañu ko ba noppi dafay jege kiñ ci lor. Loolu mën na tax ñu baña mëna wax ci mbir mi. ba noppi ñu wax ni jëf yooyu dañu melni fitna. Ñi ko dund mën nañu am kersa wala yëg ni dañu def lu jaaduwul, te mën nañu am jafe-jafe xel yu yàgg.

Danu bëgga jeexal fitna ci wàllu awra ci xale yi ak ndaw ñi. Ngir mëna def loolu, dafa nekk lu am solo lool ñu bàyyi xel ci sababi fitna ak beddi. Lu moy loolu, danu wara bàyyi xel, déglu ak gëm.